# àqi jullit ci moroomam juróom-benn la" ñu ne ko: yooyu yan la yaw Yonente Yàlla bi?, mu ne: "boo dajee ak moom nanga ko nuyu, bu la woowee nanga ko wuyu, bu sàkkoo nga laabire ko nanga ko laabire, bu tissoolee daal di sant Yàlla nanga ko ndokkeel, bu feebaree seeti ko, bu faatoo nga gunge ko

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "àqi jullit ci moroomam juróom-benn la" ñu ne ko: yooyu yan la yaw Yonente Yàlla bi?, mu ne: "boo dajee ak moom nanga ko nuyu, bu la woowee nanga ko wuyu, bu sàkkoo nga laabire ko nanga ko laabire, bu tissoolee daal di sant Yàlla nanga ko ndokkeel, bu feebaree seeti ko, bu faatoo nga gunge ko".
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na ne bokk na ci àqi jullit bi ci mbokku jullitam juróom-benni jikkó: Bi njëkk bi: da koy nuyu bu dajee ak moom, mu wax ko: Assalaamu halaykum, moom mu delloo ko ko ci wax: wa halaykumus Salaam. Ñaareel bi: mu wuyu ab wooteem bu ko woowee ngir céetal ak leneen. Ñatteel bi: mu laabire ko bu ko sàkkoo, te du ko naxasaale walla mu koy wuruj. Ñenteel bi: bu tissoolee daal di wax: Alhamdu lil-Laah, mu ndokkeel ko ci wax ko: Yarhamuka Allaah, moom itam mu delloowaat ko daal di wax: Yahdiikumul Laahu wa yuslih baalakum. Juróomeel bi: da koy seeti nemmeeku ko bu feebaree. Juróom-beneel bi: mu jullee ko bu faatoo, gunge ab néewam ba ñu suul ko.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee